



**WAXTAAN AK I WAARAATE YU BAAY
ÑAS : AY WAXI FÀWW !**

PÀCC GU JĚKK GI

LES CAUSERIES ET PRÊCHES DE BAYE NIASS : DES DISCOURS INTÉMPORELS !

TOME 1

Móodu Fataah CAAM

**WAXTAAN AKI WAARAATE YU BAAY
ÑAS : AY WAXI FÀWW !**

PÀCC GU JĚKK GI

Presses universitaires de Dakar

Modou Fatah THIAM

**LES CAUSERIES ET PRÊCHES DE BAYE
NIASS : DES DISCOURS INTIMPORELS !**

TOME 1

Presses universitaires de Dakar



**Tous droits de production, de reproduction et d'adaptation
réservés pour tous pays**

Dépôt légal : troisième trimestre 2026

ISBN : 978-2-494601-94-9

EAN : 9782494601949

JOXOÑU XÊT YI

Dedikaas	10
Kàdduy ngërëm	12
Kan mooy Baay Ñas ?	14
Liy xamle téere bi	20
Siyaareb 1964	28
Gàmmug 1966	54
Waxtaanu Tamxaritu 1966 (1388).....	62
Waxtaanu 1967 diggante Àlhaaji Ibraahima Ñas ak Seex Gasama bu Rajo Senegaal	112
Gàmmug 1967	140
Waxtaanu 1968 diggante Àlhaaji Ibraahima Ñas ak Mansuur Njaay bu Rajo Gàmbi.....	162
Gàmmug 1968 : jotaayu tuubal	202
Siyaareb 1969	244
Jullig Korite 1971	274
Siyaareb 1973	308
Jullig Tabaskig 1974.....	348
Gàmmug 1975	374
Téere yu aju ci genn pàcc gi.....	396

SOMMAIRE

Dédicace	11
Remerciements	13
Qui est Baye Niass ?.....	15
Présentation du livre	21
« Ziyara » de 1964	29
« Gammou » de 1966	55
Causerie de la « Tamkharite » de 1966 (1388)	63
Interview d'El Hadji Ibrahima Niass de 1967 par Cheikh Gassama de la Radio Sénégalaise	113
« Gammou » de 1967	141
Interview d'El Hadji Ibrahima Niass (1968) par Mansour Ndiaye de la Radio Gambienne	163
« Gammou » de 1968 : une séance de conversion	203
« Ziyara » de 1969	245
Prière de la Korité de 1971	275
« Ziyara » de 1973	309
Prière de la Tabaski de 1974.....	349
« Gammou » de 1975	375
Bibliographie	396

DEDIKAAS

Liggéey bii jagleel nañ ko :

- mbooleem taalibey Baay Ñas yi (bokk na ci ndongo yi nekk ci daara yu digg-dóomu yi ak yu kowe yi, ñoom ñi nga xam ne war nañuy jox seen lépp : « Xalimab gi ak kurus gi ngir teraangaay ëllëg »¹,
- mbooleem julliti Senegaal,
- mbooleem xeetu Lislàam,
- àddina yépp,

ndax ndem-si-Yàlla Baabakar Caam waxoon na ci Baay Ñas yii kàddu :
« Jamaano nag duggal na mbooleem réew yi. Seex Ibraahima Sëriñ eenternasiyonaal la. Duwut pur Senegaal rekk, waaye pur Jamaano lépp la ».

1. Bàkkub ndongoy Baay Ñas yi ci daara yu kowe yi, moom laa tekkee nii.

DÉDICACE

Ce travail est dédié à :

- tous les talibés de Baye Niass (dont les élèves et étudiants qui doivent se consacrer à : « La plume et le chapelet pour un avenir prospère »²,
- tous les musulmans du Sénégal,
- toute la *humma* islamique,
- toute l'humanité.

Feu Babacar Thiam avait tenu, sur Baye Niass, les propos suivants : « Le monde actuel est un village planétaire reliant tous les pays. Cheikh Ibrahima est un marabout de dimension internationale. Il n'est pas uniquement pour le Sénégal, mais pour tout l'univers » (Modou Fatah Thiam, 2013, p. 30).

2. Initialement, les étudiants-talibés de Baye Niass avaient pour devise « La plume et le chapelet », mais plus tard, Serigne Baba Lamine Niass ordonnera d'y ajouter : « pour un avenir prospère ».

KÀDDUY NGĚRĚM

Maangi gërëm Yàlla Mi ma may wér ak bëgg ak yitte ba ma man a sóobu ci liggéey bu mel nii.

« Ku màgg gërëm mbaa mu xarab » (ñi ko yar). Maa ngi gërëm ñi ma yar : suma yaay, suma baay, rawatina suma mag Isaaxa. Masumaa xam noppalu ci suma ag ngune. Looloo ma topp ba léegi ci sumag dund : lu ne sañ naa ko sumb. Di ñaan Yàlla fan wu gudd, wér ci yaram ak ci xel ak tal.

Maangi gërëm Momar Siise ca Iniwersite Seex Anta JÓOB bu Ndakaaru : moo ma yootaloon xelaat bii ci atum 2013, gannaaw suma bésu Teesu Doktoraa. Booba ba léegi, mu ngi ci suma xel.

Maangi gërëm suma xarit Àllaaji Baabu Caam (Mbay Baabakar). Masul a dëñ di ma wax : « Na ngay bind ci Baay, ndax yaakaar nañ la si ». Naka noonu suma xarit Abdulaay Caam (Bàmba Njaay), masul dañ di ma ñaax ci lu mel nii.

Maangi gërëm suma ñaari ustaas yi : Ustaas Abdu Seen ak Imaam Barhaam Lóo, suma tekkikati baati arab yi.

Maangi gërëm suma mag Omar Caam, du dañ, saa yuma songee dara, di ma ñaax ak di ma ñemelloo, taxawu ma taxawaayu baay ak taxawaayu ndey.

Maangi gërëm suma soxna Faatu Njaay : yoonam si suma ñakk jot ngir moom ngir suma liggéey, du mas a ñaxtu.

Maangi gërëm mbooleem ñi jàpp ci mbindum wolof mi, ku mel ni Maamur Daraame, Siidi Moktaar Ndaw ak ñi si jàpp si nii walla si nee, sumay xarit, ku mel ni Mamadu Haadi Ba ak Momat Ñas.

REMERCIEMENTS

Je remercie le Seigneur Qui m'a permis d'avoir la santé, la volonté et l'initiative pour m'engager dans une telle entreprise.

« Tout individu qui devient adulte aura remercié ou sera fâché contre » (ceux qui l'ont éduqué). Je remercie les personnes qui m'ont éduqué : ma mère, mon père, surtout mon frère aîné Issakha. Je ne me suis jamais reposé dans mon enfance. Cela est encore réel dans ma vie d'adulte : j'ose tout entreprendre. Je prie Le Bon Dieu de m'accorder une longue vie, une santé physique et mentale parfaite et une tranquillité.

Je remercie le Pr Momar Cissé de l'Université Cheikh Anta DIOP de Dakar : c'est lui qui m'avait soufflé cette idée en 2013, après la soutenance de ma Thèse de Doctorat. Depuis lors, je nourris ce projet.

Je remercie mon ami El Hadji Babou Thiam (Mbaye Babacar). Il n'a jamais cessé de me dire : « Aie l'habitude d'écrire sur Baye, car nous comptons sur toi pour cela ». Il en est de même pour mon ami Abdoulaye Thiam (Bamba Ndiaye), il n'a jamais cessé de m'exhorter à m'engager dans une telle entreprise.

Je remercie mes deux arabisants : Oustaz Abdou Sène et Imam Barham Lô, mes traducteurs des mots arabes.

Je remercie mon grand-frère Omar Thiam, il ne cesse, chaque fois que j'entreprends un projet, de m'exhorter et de m'encourager, il assure pour moi le rôle d'un père et celui d'une mère.

Je remercie mon épouse Fatou Ndiaye : elle ne tient pas compte du peu de temps que je lui consacre à cause de mes travaux, elle ne se plaint jamais.

Je remercie tous ceux qui m'ont aidé avec l'orthographe du wolof tels que Mamour Dramé, Sidy Mocktar Ndao et ceux qui y ont contribué d'une manière ou d'une autre, des amis tels que Mamadou Hady Ba et Momath Niass.

KAN MOOY BAAY ÑAS ?

Bu ñu tënkoo ci waxi Ustaas Barhaam Jóob mi doon bindkatam, Baay Ñas mu ngi gane àdduna ci atum 1901 (am na ñuy wax 1900) ci Tayba Ñaseen, dëkk bu baayam Alhaaji Abdulaay Ñas sancoon ci deppàrtamãa bu Ñooro te muy kómin léegi.

Xeetam wolof la, cosaanam Jolof, ndax tund woowu la baayam soqee-koo. Fa la jógee dikk Saalum ànd ak baayam Muhammet Ñas mi ñëwoonandoor ak Maam Moor Anta Sali miy baayi Sëriñ Tuubaa Mbàkke. Ñu ñëwoon wuyusi wooteb Màbba Jaxu Ba mi leen bindoon bataaxal ngir sàkku ñu ko dimbale ci tasaare Lislàam.

Loolu, Baay Ñas dellusiwaat na ci si lu yaatu si waxtaan wi mu séq ak Māasuur Njaay mu Rajo Gàmbi, te indiwaale nañu ko ci biir waxtaan yi ñu tànn. Leeral na ci ne baayam Alhaaji Abdulaay Ñas rekk mooy sëriñam, ndax gannaaw bu mu nelawee ci atum 1922, kenn tëralalul ko benn bind.

Mu ngi génn àdduna ci atum 1975 ci opitaal bu ñuy wax Seen Tomaas Fostë ca Londres. Dund na kon juróom-ñaar-fukk ak juróomi at yoo xam ne, lépp mu ngi ko jagleeloon Yàlla ak doom-aadama.

Déggee nañu si Ustaas Barhaam Jóob ne, Baay Ñas masul tëdd si lal te ñaari waxtu si guddi jotul. Te ñeenti waxtu masu koy fekk ci lal : kon masul nelaw lu ëpp ñaari waxtu ci bés bi.

Bés, mas na koy leeralal ne néew nelawam googu si ag ndawam la ko tàmmee woon, li ko waraloon mooy béggoon na def ci àdduna lu xajul ci àdduna. Naka noonu, mas naa sant ay doomam ne baatu noppalu nañu ko dindi ci baat yi ñuy jëfandikoo.

Teel naa mokkal *Halxuraan* te masul a tàggook moom si ag dundam. Géeju na ci xam-xam, Yàlla def ñu bari topp ko mu di leen jàngal. Gannaaw gi mu di sóob nit ñi si maxrifa, dooree ko ci atum 1929. Xam-xamu xam Yàlla juroon na coow lu bari si Senegaal.

QUI EST BAYE NIASS ?

Selon les propos d'Oustaz Barham Diop son secrétaire particulier, Baye Niass est né en 1901 (certains parlent de 1900) à Taïba Niassène, un village fondé par son père El Hadji Abdoulaye Niass dans le département de Nioro qui est actuellement devenu une commune.

Issu de l'ethnie wolof, il est originaire du Djolof³, car son père est issu de cette contrée. Il est parti de là-bas pour venir au Saloum accompagné de son père Mouhammed Niass qui fut venu en même temps que Mame Mor Anta Saly le père de Serigne Touba Mbacké. Ils étaient venus répondre à l'appel de Maba Diakhou Ba qui leur avait adressé une correspondance pour les inviter à venir lui prêter main-forte pour l'expansion de l'Islam.

Baye Niass est largement revenu sur cela dans l'interview qu'il a accordée à Mansour Ndiaye de la Radio Gambienne, et c'est l'une des causeries que nous avons choisies. Il y a précisé que son père El Hadji Abdoulaye Niass est son seul maître, parce qu'après son rappel à Dieu en 1922, personne d'autre ne lui a une fois dispensé une seule leçon.

Il a quitté ce monde en 1975 à l'hôpital Saint Thomas Foster à Londres. Il a donc vécu pendant soixante-quinze ans qu'il a entièrement consacrés à Dieu et à l'Homme.

D'après Oustaz Barham Diop, Baye Niass n'est jamais allé au lit avant deux heures du matin. Et il n'est jamais resté au lit jusqu'au-delà de quatre heures : donc il n'a jamais dormi plus de deux heures par jour.

Un jour, il lui a expliqué que c'est depuis sa jeunesse qu'il a eu l'habitude de dormir très peu, parce que ce qu'il voulait réaliser dans la vie, le temps ne le permettait pas. Ainsi, il avait une fois demandé à ses enfants de supprimer le mot repos de leur lexique.

Il a très tôt mémorisé *Le Coran* et pour toute sa vie durant. Il fut un grand érudit, et par la grâce de Dieu, il y avait derrière lui une grande communauté à laquelle il livrait un enseignement. Par la suite, à partir de 1929, il s'est mis à initier les gens à la connaissance ésotérique. Cette gnose divine avait soulevé beaucoup de salive au Sénégal.

3. Ancienne province située au nord-est du Sénégal.

At moomu, ci la xajatul Lewna Ñaseen gi baayam nekkoon. Mu jógee fa dem sanc dëkk tuddee ko Madina niki dëkku Yónnent Yàlla Muhammet mi mu defoon royukaay. Tey, sanc boobu moom la ñépp di wax Madina walla Medina Baay Ñas.

Mu doon sēriñ, di yaraatekat. Dundam yépp tegu ci jàng, jaamu Yàlla ak liggéey. Waxal na ko boppam ci wenn ci waxtaan yi ñu tànn te mu defoon ko ci atum 1966 :

Su fekke sēriñ ham na warugar, warugar wa mooy jàngale xam-xam ak lëggéey ak jaamu Yàlla. Sēriñ daal, jukki ba la ham ak jàngu ba ak jàkka ja ak tool ba.

Yeesaloon na te yaataloon na mbay ca Koosi ak ca Tayba. Mujj na dëkk yu bari si Saalum bu ci nekk amoon na « Toolu Baay Ñas » moo xam benn taalibeem moo koy saytu walla waa dëkk ba yépp ñoo koy saytu.

Ngir jubal doom-aadama yi, def leen ñuy ay nit, masul jog ci di leen wax li leen di jēriñ ak di leen xemem loo mbaax.

Daan na jàngloo nag góor ñi ak jigéen ñi, di soññ jigéen ñi si ñuy rēj-rējloo ak góor ñi si sàkku xam-xam. Naka noonu, Yàlla def na si li ñu xam, moo jëkk a jàngloo ay doomam yu jigéen ba ñu tari *Halxuraan*.

Seydaa Mariyaama Ñas kenn la si doomam yu jigéen yi gën a ràññee ku ci biir réew mi ak ci bitim réew. Tuddee woon nañ ko « *Xaadimatul Alxuraan* » te moo sosoon Daaray Halxuraan si Ndakaaru.

Seydaa Roqaya Ñas di keneen si ay doomam yu jigéen. Te siiw na. Mooy jigéen ji jëkk a bind téere ci Senegaal si làkku yaaram.

À partir de cette année, il lui était désormais impossible de vivre à Léona Niassène la demeure de son père. Il s'exila pour aller fonder une nouvelle cité à laquelle il donna le nom de Madina conformément à la cité du Prophète Mouhammed qu'il considérait comme un modèle à imiter. Actuellement, c'est cette nouvelle cité que tout le monde appelle Madina ou Médina Baye Niass.

Il devint ainsi un guide religieux, un éducateur. Toute sa vie reposait sur l'enseignement, la soumission à Dieu et le travail. Il l'a dit lui-même dans l'une de ses causeries que nous avons choisies et qu'il a tenue en 1966 :

S'il est vrai qu'il y a un devoir pour un marabout, son seul devoir consiste à donner du savoir, à travailler et à respecter les piliers de l'Islam. Pour qu'on puisse parler de marabout, il faut qu'il y ait une leçon du jour, une école, une mosquée et des champs pour l'agriculture.

Il avait rénové et développé l'agriculture à Kossi et à Taïba. Dans bon nombre de villages du Saloum, il y avait partout un « Tolou Baye » (un champ de Baye) Niass à la charge d'un de ses disciples ou à la charge de tous les villageois.

Pour mettre les gens sur la bonne voie, pour en faire de vrais citoyens, il n'a jamais cessé de leur parler de ce qui milite en leur faveur en leur faisant aimer la droiture.

Il incitait aussi bien les hommes que les femmes à la quête du savoir, en invitant les femmes à rivaliser avec les hommes dans le domaine de la science. Ainsi, en ce que nous sachions, par la grâce de Dieu, il est le premier à instruire ses filles jusqu'à ce qu'elles mémorisent *Le Coran*.

Seyda Mariama Niass est l'une de ses filles les plus connues sur le plan national et international. Elle était surnommée « *La serviteuse du Coran* » et c'est elle qui avait mis sur pied « Daara Halxuraan » (L'école du Coran) à Dakar.

Seyda Rokhaya Niass fait partie encore de ses filles. Elle est très célèbre. Elle est la première femme sénégalaise à écrire un ouvrage en arabe.

Muy siyaare yi, gàmmu yi walla yeneen jotaayi Lislàam, yitteem yépp mooy yee nit ñi, jubal leen, xamal leen lu baax te jegeel leen ko, xamal leen lu bon te sóril leen ko.

Bindkat bu mag a mag la woon. Bind na lu tollu si juróom-ñaar-fukki téere ak juróom ci làkku yaaram wu wér, waaye ñi manul a jàng li mu bind si làkku yaaram ñépp, ay waxtaanam si wolof dana leen doy ngir ñu xam ay xelaatam, ay doxalinam ak gëm-gëmam.

Ndem-si-Yàlla Alhaaji Mustaphaa Gáy mi jiite woon kuréelu imaam yu Senegaal, kenn la si taalibey Baay Ñas yi. Si wenn waxtaanam si « Kan mooy Baay Ñas ? », waxoon na fi ne Baay Ñas ku xamoon xam gu yaatu liy xew si jamanoom la woon te lu mas a xew rekk, bind na ci mbaa mu wax ci ci ay xutbaam ak ay waaraateem.

Tukki na tukki yu jege yu ko yóbbu fu mel ni Gàmbi, tukki na tukki yu sori yu mu fëlli ba Siin.

Li gëna yéeme ci ay mbiram, mooy limu wooté ci atum 1929 di « Mari-fatu bilaahi ». Xam-xamu baati la bu tumuranke woon. Am na ñu ci mujj gééju, am na ñu ci xam tuuti, am na ñu ci xamul dara, am na ñu ko sax wéddi. Baatin boobu la Baay doon joxoñ ba naan : « Man, gan laa goo xamne guddi la ñëw yore wëliis, balaa bët di set ma dem ». Mu mel ni ku mellalee boppam ni gànjar gu ñu réeree.

Ay yëngatoom ak ay xelaatam yépp, man nañu leen a xàmmee si waxtaan yi mu daan def te ñu góor-góorlu indi ci yenn ci téere bii.

Que ce soit les « *ziyara* »⁴, les « *gammou* »⁵ ou les autres rencontres islamiques, sa seule préoccupation consistait à conscientiser les gens, leur inculquer les valeurs de la droiture, leur faire connaître le bien et les pousser à en faire, leur faire connaître le mal et les en éloigner

Il était un grand auteur. Il a publié environ soixante-quinze ouvrages en arabe classique, mais tous ceux qui ne sont pas en mesure de lire ses textes en arabe pourraient se contenter de ses discours en wolof pour connaître ses idées, ses pratiques et son idéologie.

Feu El Hadji Moustapha Guèye Président de l'association des imams du Sénégal fut l'un des disciples de Baye Niass. Lors d'une conférence sur le thème « Qui est Baye Niass ? », il avait souligné que Baye Niass fut un homme d'une vaste culture générale de son époque et dans ses textes ou sermons et causeries, il se prononçait sur toutes les questions d'actualité.

Il a effectué des voyages sur de courtes distances qui l'ont mené à des pays comme la Gambe, il a effectué des voyages lointains qui lui ont permis d'aller jusqu'en Chine.

Ce qu'il y a de plus étonnant le concernant, c'est l'appel qu'il a fait en 1929 relativement à la « Gnose divine ». C'est une connaissance ésotérique qui était très peu connue à l'époque. Certains s'en sont bien abreuvés, d'autres en ont une connaissance sommaire, d'autres n'en savent rien, il y en a même certains qui la rejettent. C'est en faisant allusion à cette gnose divine que Baye avait dit : « Moi, je suis un étranger venu nuitamment avec une valise, et je suis reparti avant le petit matin ». Il semble alors se qualifier de trésor inconnu.

Il est possible de s'imprégner de toutes ses activités et idées à travers les discours oraux qu'il tenait et dont nous avons essayé de donner quelques-uns dans ce recueil.

4. Mot arabe signifiant visite. Dans ce discours, il s'agit d'une visite annuelle, un pèlerinage qui regroupe les fidèles à la cité sainte, auprès du grand guide, Baye Niass. Il y a dans l'année deux « *Ziyara* » : la grande dite encore « *Siyaare xalis* » où les fidèles apportent de l'argent et la petite dite « *Siyaare dugub* » où les fidèles apportent du mil et d'autres céréales
5. Chez les Wolof, « *Gammou* » est le nom du mois qui a vu naître le Prophète Mouhammed (PSL). Le mot désigne encore la nuit de naissance même et toute forme de célébration de cette naissance. Dans un sens plus large encore, il désigne une nuit ou une veillée religieuse dans l'Islam..